Пщэдей Урысей Федерацэм и Президентыр хах

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№37 (23.695) ● 2018 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17, щэбэт ● И уасэр зы тумэнщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Урысей Федерацэм и Президентыр щыхахынум ирихьэлІэу республикэм исхэм зэрызахуигъазэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Ди лъэпкъхэм лІэщІыгъуэ кІуэд хъу я тхыдэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, Урысей зэкъуэтырщ икІи къару зыхэлъырщ ди республикэм тэмэму зиужьынымкІэ шэсыпІэу щытыфынур. Абы къыхэкІыу Урысей Федерацэм и Президентыр гъатхэпэм и 18-м зэрыхахынум ди гъащІэм дежкІэ къыпхуэмылъытэным хуэдизу мыхьэнэшхуэ иІэщ.

Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и Іэхэу еплъыкІэм елъытащ ди къэралыр зытеувэну гъэзыр зыхуэдэр, дыщалъхуа щыналъэм, ди Хэку иным я псэукІэнур, ди сабийхэм я къэкІуэнур.

ЩІэч къытесхьэркъым республикэм и хэхакІуэхэм я нэхъыбапІэм Іэ щІалэтынур хэтми зэрарубзыхуам. Ар дэтхэнэ зыми ещІэ и Іэхэущ. Нэхъыщхьэр ди къэралым и зыужьныгъэр къэкІуэну илъэсипщІ бжыгъэхэм кърибыдэу зыхуэдэу щытынум теухуа Іэхэу иным зыщыдмыдзеинырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхакІуэхэр къыхуезджэну сыхуейщ зэхэщыкІ лъагэрэ граждан жэуаплыныгъэрэ къагъэлъэгъуэну, гъатхэпэм и 18 тхьэмахуэ махуэм хэхьпІэ участкэхэм екІуалІэу ди къэрал иным и къэкІуэнур убзыхуэнымкІэ яІэ хуитныгъэр къагъэсэбэпыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щыхуэзащ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и правленэм и тхьэмадэ Миллер Алексей

Лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щызэхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и правленэм и тхьэмадэ Миллер Алексейрэ.

АХЭР тепсэлъыхьащ лъэныкъуитІыр зэрызэдэлажьэр егъэфІэкІуэным пыщІа Іуэхухэм. Кьапщтэмэ, гулъытэ хэха хуащІащ газыр гъэсыныпхъэу автотранспортым къызэригъэсэбэным ди щІыналъэм зыщегъэубгъуным. ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, «Газпром» зэгухьэныгъэм и унафэм щІэт станцхэр иджыпсту Налшыкрэ Прохладнэмрэ щыІэщ икІи ахэр я лъэщагъым и процент 75-кІэ къагъэсэбэп. Компаниер йогупсыс газхэр црагъахьуэ станцхэр нэхъыбэ щынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

Ди республикэр Урысейм и щІыналъэхэм ящыщу газкІэ нэхъыфІ дыдэу къызэгъэпэщ ахэм хабжэ. Ику иту ар процент 95,2-рэ мэхъу (УФ-м - процент 68,1-рэ). Газыр къалэдэсхэм ящыщу процент 97,3-м (УФ-м - 71,4-м), къуажэдэсхэм ящыщу процент 94,4-м (УФ-м - процент 68,7-м) яІэрохьэ.

ЛъэныкъуитІыр зэдолажьэ бжьамийкІэ къашэ газыр автомобиль гъэсыныпхъэу къызэрагъэсэбэным зегъэубгъуным теухуауэ «Газпром» зэгухьэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ зэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм тету.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Паралимпиадэ-2018

Корее Ипщэм щекІуэкІ Паралимп джэгухэм щэнейрэ щытекІуа Румянцевэ Екатеринэ.

Пхёнчхан и лІыхъужьхэр

Хабзэ зэрыхъуауэ, зи чэзу Олимпиадэр зэриухрэ мазэ дэкІа иужькІэ Паралимп джэгухэм щІадзэ. Апхуэдэ зэхьхьэ ин иджыпсту щокІуэкІ Корее Ипщэм и Пхёнчхан щІыпІэм.

ГъАТХЭПЭМ и 9-м къыщыщІадзауэ махуипщІкІэ екІуэкІыну ЩІымахуэ Паралимпиадэм мы гъэм кърихьэлІащ къэрал 49-м икІа спортсмен 570-рэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм псоми я узынщагъэм ныкъусаныгъэ яІэщ. Ягъэ дыдэу мыпхуэдэ зэхьхьэхуэхэм кърихьэлІащ Куржым, Корее Ищхъэрэм, Таджикистаным икІахэр.

Пхёнчхан къыщызэхуэсахэр зэпеуэнущ биатлонымкІэ, кёрлингымкІэ, лыжэкІэ къызэдэжэнымкІэ, следжхоккейкІэ. Ахэр иризэныкъуэкъунущ медаль комплект 80-м.

Допинг Іуэхум и зэран екІуащ ди паралимп спортсменхэми. Корее Ипщэм ахэр щІыху 30 хъуэу ягъэкІуащ, арщхьэкІэ зыщыщ къэралыр ягъэлъэгъуэну хуиткъым. Абыхэм къызеджэр «Зи щхьэ хущытыж олимп атлетщ». Апхуэдэу щыт пэтми, а спортсменхэр зыщыщыр хэти ещІэ икІи я текІуэныгъэхэм дэри дрогушхуэ. Гуапэщ ахэр зэрымымащІэр.

Пхёнчхан щекІуэкІ Паралимп джэгухэм я япэ махуэхэм щыщІэдзауэ ди къэралым икІахэм текІуэныгъэ инхэр зыІэрагъэхьэ. Псом хуэмыдэу дегъэгуфІэ мыпхуэдэ зэхьэзэкІэ инхэм нэхъапэм хэмыта **Румянцевэ Екатеринэ**. Гъатхэпэм и 10-м, 12-м, 13-м зэкІэлъхьэжьу ар щэнейрэ Паралимп чемпион хъуащ. Екатеринэ щытекІуащ биатлонымкІэ километр 6, километри 10 къыщажьмрэ лыжэкІэ километр 15-р къыщыщэранэкІымрэ.

Корее Ипщэм кІуэн ипэкІэ плІэнейрэ Паралимпиадэхэм дыщэ медалхэр къыщызыхьа **Лысовэ Михалинэ** Пхёнчхан абыхэм иджыри тІу къыщыхигъэхъуащ. КьищынэмыщІауэ, дыжьын медалитІрэ зы жэзри дыщІигъуажэ, биатлонымрэ лыжэкІэ къызэдзжэнымкІэ зэхьхьэхуэхэм щызыІэригъэхьауэ.

Паралимп чемпион хъуащ бгым лыжэкІэ псоми ефІэкІыу къежэха **Бугаев Алексей**. КъыкІэлъыкІуэ махуэм абы дыжьын медалри зыІэригъэхьащ.

ЛыжэмкІэ спринтымрэ биатлоным километр 12,5-рэ къыщажьмрэ щытекІуащ **Миленинэ Анна**. Хьэлэмэтраци, абы и пэ къихуэ махуэ зэкІэлъхьэужьым Миленинэм дыжьын медалищ къыщихьат. ИкІэм-икІэжьым, дыщэжэм лъэІэсащ! Иджы псори зэхэту Аннэ блэнейрэ Паралимп чемпионщ.

Официальнэу щымыт гуп зэпеуэм ди къэралым икІахэм етІуанэ увыпІэр щаІыгъщ. Нобэр къыздэсым абыхэм зыІэрагъэхьащ дыщэ медалу 8, дыжьыну 8, жэзу 4. Дыдейхэм кьефІэкІэхэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикІахэращ. Корее Ипщэм абыхэм къыщахьащ медаль 23-рэ (дыщэу 8, дыжьыну 9, жэзу 6).

Пхёнчхан щекІуэкІ ЩІымахуэ Паралимп джэгухэр пщэдей зэхуащІыжынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и дж щыІэ Жылагъуэ советым теухуа Положенэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі жылагъуэ къэпщытэныгъэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советым теухуа Положенэр къэщтэн (мы унафэм щыгъуащ)

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советым хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэр кьыхахьхьэ мы унафэр къыщащтам щегъэжьауэ махуищІ пІальэм кьурыбыдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РегламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ, Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуІунымкІэ и комитетым хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советыр къызэгъэпэщыным теухуа Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зэІущІэм къыщыхилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ.
2018 гъэм мазаем и 22-м.
№838-П-П

● Хъыбар гуапэ

ТІэунейрэ дунейпсо чемпион

Инджылызым хьихьэ Бирмингем къалэм гъатхэпэм и 1 - 4-хэм щызэхэтащ атлетикэ псынщІэмкІэ пэшхэм щызэпеуэ 17-нэ дунейпсо чемпионат. Абы текІуэныгъэр къыщихьащ икІи тІэунейрэ дунейпсо чемпион щыхъуащ ди къэгъэинымкІэ спортсмен цІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Ласицкене (Кучинэ) Марие.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и пэм къыщыщІэдзауэ абы зыхуигъэувыж лъагапІэхэр тынш дыдэу къызэринэкІащ. Апхуэдэу ар щхьэпрылъащ сантиметри 184-м, 189-м, 193-м, 196-м. Адэкіэ, сытым дежи хуэдэу, зэхьэзэхуэр щекІуэкІ утыкум и закъуэу кьинащ. Сантиметри 196-м щхьэпрылъа нэужькІэ дыщэ медалыр къызрихьынур наІуэ хъуа пэтми, Марие лъагапІэр иригъэІэтащ сантиметр 201-м нэс. ЕтІуанэ бгъэдыхьэгъуэм абыи щхьэпрылъащ. КъыкІэлыкІуэу Ласицкене зрипщытащ Урысейм и рекордым - сантиметр 207-м. Арщхьэкіэ 2011 гъэм Чичеровэ Аннэ игъэувы рекордым щхьэпрылъыфакъым. Иджырей дунейпсо чемпионатым дыжьын медалыр къыщызыхьа, 2016 гъэм дунейпсо чемпион хъуа, США-м щыщ Кангиэмэ Вашти Марие сантиметри 8-кІэ (сантиметри 193-рэ) кьыкІэрыхуащ. Жэз медалыр кьыльысащ Италием къикІа Трост Алессие.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2017 - 2018 зэхьэзэхуэ лъэхьэнэм кьурибыдэу Ласицкене Марие зыхэта зэІущІэ 38-ми текІуэныгъэ къыщихьащ. Габрилян Геннадий и гъэсэным дыдэрыт илъэсыр къызэрихьэрэ зэхьэзэхуи 8-м пашэныгъэр щиубыдащ.

2017 гъэм къыгъэльэгъуа зэфІэкІ лъагэхэр къальытэри, Ласицкене Марие «Илъэсым и спортсмен нэхъыфІ» цІэр къыфІащащ.

Бирмингем щекІуэкІа дунейпсо зэхьэзэхуэм лъагэу дэпеиныкІэ цІыхухъэхэм я джэгу текІуэныгъэхэр щыщихьащ Урысейм щыщ Лысенкэ Данил. Абы къызэринэкІащ сантиметр 236-рэ лъагагъыр.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм и Президентыр хэхьным хуэхьэзырщ

КъБР-р сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзырщ Урысей Федерацэм и Президентым и хэхьныгъэм. Республикэм хэхьпІэ участкэу 354-рэ къыщызэрагъэпэщащ. Хэхакіуэ комиссэхэм щІыху мини 3-м щІигъу хэтщ.

ЦІыхухэр хэхьныгъэр щекІуэкІ махуэм здэщыІэну щІыпІэхэм Іэ зэрыщаІэт щыкІэм теухуа хабзэщІэм ипкъ иткІэ республикэм и щІыналъэ, участкэ хэхакІуэ комиссэхэм хэхакІуэхэм я лъэІуэр кьеІыхьныр зэфІагъэкІащ.

Хэхьныгъэр егъэкІуэкІыным пыщІахэм апхуэдэу гъэзэщІакІуэ властым и щІыналъэ органхэм я унафэщІхэм ящыгъуу зэфІагъэкІащ республикэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ къэкІуахэмрэ зызыгъэпсэху туристхэмрэ Іэ егъэІэтыныжкІэ лэжьыхьэ псори. Урысей Федерацэм и Президентыр хэхьным теухуауэ Іэ щаІэтыну пэш псоми интернетым пыщІа видеокамерэхэр щагъэуваш.

КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и тхьэмадэ Джэш Вячеслав зэрыжиІамкІэ, къэралым хэхьныгъэмкІэ и законодательствэмрэ Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм къыгъэувхэмрэ тету хэхьныгъэр екІуэкІын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыхуэи псори къыщыщэрагъэпэщащ.

КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щыхуэзащ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и правленэм и тхьэмадэ Миллер Алексей

Лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щызэхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и правленэм и тхьэмадэ Миллер Алексейрэ.

АХЭР тепсэлъыхьащ лъэныкъуитІыр зэрызэдэлажьэр егъэфІэкІуэным пыщІа Іуэхухэм. Кьапщтэмэ, гулъытэ хэха хуащІащ газыр гъэсыныпхъэу автотранспортым къызэригъэсэбэным ди щІыналъэм зыщегъэубгъуным. ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, «Газпром» зэгухьэныгъэм и унафэм щІэт станцхэр иджыпсту Налшыкрэ Прохладнэмрэ щыІэщ икІи ахэр я лъэщагъым и процент 75-кІэ къагъэсэбэп. Компаниер йогупсыс газхэр црагъахьуэ станцхэр нэхъыбэ щынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

Ди республикэр Урысейм и щІыналъэхэм ящыщу газкІэ нэхъыфІ дыдэу къызэгъэпэщ ахэм хабжэ. Ику иту ар процент 95,2-рэ мэхъу (УФ-м - процент 68,1-рэ). Газыр къалэдэсхэм ящыщу процент 97,3-м (УФ-м - 71,4-м), къуажэдэсхэм ящыщу процент 94,4-м (УФ-м - процент 68,7-м) яІэрохьэ.

ЛъэныкъуитІыр зэдолажьэ бжьамийкІэ къашэ газыр автомобиль гъэсыныпхъэу къызэрагъэсэбэным зегъэубгъуным теухуауэ «Газпром» зэгухьэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ зэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм тету.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі жылагъуэ къэпщытэныгъэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советым теухуа Положенэр къэщтэн (мы унафэм щыгъуащ)

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советым хагъэхьэнухэм я кандидатурэхэр кьыхахьхьэ мы унафэр къыщащтам щегъэжьауэ махуищІ пІальэм кьурыбыдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Регламентымкіэ, депутат щэнхабзэмкіэ, Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуІунымкіэ и комитетым хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советыр къызэгъэпэщыным теухуа Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зэІущІэм къыщыхилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ.
2018 гъэм мазаем и 22-м.
№838-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэгъуэщІ къэралхэм кьикІ туристхэм нэхъ ягу ирихь щІыпІэ 30-м ящыщщ

ТурСтар аналитикэ агентствэм хэІущІыІу ищІащ 2017 гъэм нэгъуэщІ къэралхэм кьикІыу Урысейм зыщызыгъэпсэхуа туристхэм нэхъ ягу ирихьа курортхэм я рейтингыр. Ялэ ит щІыналъэ 30-м яхэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Республикэм нэгъуэщІ къэрал хьэщІэу мин 17 щеблэгъащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Республикэм и къалащхьэ Налшык дэт лицей №2-м иджыблагъэ щекІуэкІащ «Илъэсым и егъэджакІуэ-2018» къэралпсо зэпеуэм и щІыпІэ Іыхьэм щытекІуахэр щагъэнаІуэ гуфІэгъуэ зэхуэс. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэр зэрызэхэт унэтІыныгъэхэм елъытауэ нэхъыфІу къалъыта егъэджакІуэ гуп щагъэлъэпІащ зэІущІэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и къэпщытакІуэ гупыр нафдзэгубдзаплъэу хэплъащ абы хэта дэтхэнэ егъэджакІуэми утыку кърихьа лэжьыгъэм. А Іэщ Іагъэмкіэ нэхъыфІ дыдэу къальытэу «Илъэсым и егъэджакІуэ» цІэ лъапІэр фІащащ къалащхьэм дэт курыт щкол №99-м информатикэмрэ ИКТ-мрэ щезыгъэдж **Кочетов Олег**. «Класс унафэщІ нэхъыфІ» хъуащ гимназие №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Махуэлі Беслъэн**, «ГъэсапІэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ» цІэр хуагъэфэщащ прогимназие №18-м и лэжьакІуэ **Заруцкая Татьянэ**. Апхуэдэу Налшык и «Егъэджакіуэ-психолог нэхъыфІщІ» гимназие №1-м и психолог **Ким Викторие**. Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэмкІэ къалэ центрым и лэжьакІуэ **Щоджэн Сэ-Іихьэт** щытекІуащ «Программэм и лейуэ сабийхэм ядэлажьэ егъэджакІуэ нэхъыфІ» унэтІыныгъэм. «Зи узынщагъэм гъэм. «Зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийхэм ядэлажьэ Іэщ Іагъэлі нэхъыфІ» цІэр хуагъэфэщащ Налшык и курыт школ №19-м къепха сабий сад №48-м и лэжьакІуэ **Пущаевэ Наталье**.

ТекІуахэм екъуэхьуну зэхуэсым зыкърагъэхьэлІат КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгуалэм я Іуэхукіэ и министерствэм, Налшык къалэ администрацэм, абы Егъэджэныгъэмкіэ и департаментым я лІыкІуэхэр. Егъэджакіуэ пашэхэм яхуэгъэзэа хъуэхъу хъІлъ зэхуэсым къыгъэхьат Налшык и Іэтащхьэ Алэкъый Арсен. «Илъэс зыбжанэ хъуауэ къэралым щекІуэкІ зэхьэзэхуэ цІэрыІуэм къызэщІелъбыдэ къытщІэхьэу щІэблэм щІэныгъэ нэсрэ гъэсэныгъэ кІуэрэ ябгъэдэлъхьэным хьэлэлу хуэлажьэ егъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр, - итт абы. - Сыныводхъуэхъу екъулІэныгъэщІэхэр фиІэну, фи мурадхэм фалъэІэсыну. ФэркІэ мэгушхуэ къалащхьэр».

Зэпеуэм и щІыпІэ Іыхьэр къызэзыгъэпэща икІи езыгъэкІуэкІа Егъэджэныгъэмкіэ департаментым къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр, саугъэтхэмрэ удз гъэгъахэмрэ ирагъ егъэджакІуэ нэхъыфІхэм. «Илъэсым и егъэджакІуэ» зэхьэзэхуэм къалэм зыщІэузэщІыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа Мэлбахъуэ Борис, зэхуэсыр щекІуэкІа Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым, егъэджакІуэ Іэзэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэльакіуэми ирагъ департаментым къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъ.

Егъэджакіуэ нэхъыфІхэр щагъэльапІэ гуфІэгъуэ я уэрэдхэмрэ къафэхэмкіэ ягъэдэхащ къалащхьэм и ныбжьыщІэ творческэ гупхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

● «Илъэсым и егъэджакІуэ-2018»

ЩІыхь тхылъхэмрэ удз гъэгъахэмрэ

Къыдзэрымыкіуэ щытыкІэхэмкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэу 300-м щІигъу кІэлъыплъынущ хэхьныгъэр щекІуэкІ махуэм цІыхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным

Урысей Федерацэм и Президентым папщІэ Іэ щаІэт махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэу 300-м щІигъум хэхьпІэ участкэхэм шынагъунщагъэр къыщыдзэрагъэпэщынущ. Ахэр хэхауэ нэхъ ткІийуэ я лэжьыгъэм пэрытынущ 2018 гъэм гъатхэпэм и 16-м сыхьэти 9-м щегъэжьауэ гъатхэпэм и 19-м сыхьэти 9-м нэсыху.

Сыт хуэдэ къызэрымыкІуэ Іуэхури къызэпыудыным хуэхьэзыру иджыпсту щыщІдзауэ я къулыкъур ирахьэкІ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ системэ къуэдзэм хиубыдэ цІыху 1300-м щІигъум. Абыхэм техникэ зэмылІэужьыгъуэу 351-рэ егъэбыдылІащ. Мы Іуэхум хэтщ Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэу 258-рэ, мафІэхэр зэрагъэункІыфІ техникэ хэхауэ 62-рэ.

ЦІыхухэм Іэ щаІэт махуэм республикэм и хэхьпІэ участкэхэм Іуэхум сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзыру щыІэнущ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэу 330-рэ.

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Шууейхэм я зекIуэ

Бахъсэн къалэм иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ УФ-м и Президентыр зэрыхахынум зыхуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэхэм хиубыдэ шууей зекIуэ. Апхуэдэу иджыпей щIалэхэм ягу къагъэкIыжащ ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ яхэлъ хабзэжьхэм ящыщ зыр. ЗекIуэм хэтащ къалэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, администрацэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ лIыкIуэхэр.

ШУУЕЙХЭР Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ унэм и пщIантIэм шыгъупIастэкlэ щрагъэжьащ къалэм и нэхъыжьхэм. Гупыр абдеж щежьэри, къалэм и уэрам нэхъыщхьэкIэ къызэхакIухьащ, Дыгулыбгъуей кьуажэм къыщыгъэзэжри, къекIуэлIэжащ.

БАЛЪКЪЫЗ Аминэ.

● Егъэджэныгъэ

Адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм иубзыхуа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ «Анэдэлъхубзэм и мазэм» епха Iуэхугъуэхэр Шэджэм къалэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ иджыблагъэ.

КЪЭПЩЫТАКIУЭХЭМ я пащхьэ иралъхьащ дерс зэмылIэужьыгъуэу 5-рэ классмкIыб лэжьыгъэрэ.

Адыгэбзэм и макъэмрэ хьэрфхэмрэ - арат зытеухуар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ Вэрыкъуэ Мадинэ 5-нэ классым щригъэкIуэкIа дерсыр. Абы мураду зыхуигъэувыжахэм ящыщт бзэм и макъэмрэ хьэрфхэмрэ я лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ящIэр къаригъэпщытэжыныр. А мурадыр къехьулIэн папщIэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр Iэкlуэлъакlуэу кьиугъэсбэпащ егъэджакIуэм. Адыгэбзэм хьэрфылъэм деж къыщыщIадзэри, абыхэм къащIэжащ макъэхэмрэ ахэр къызэрыдгъэлъагъуэ хьэрфхэмрэ щызэтемыкъуэ щыкIэхэр, псынщIэрыпсалъэхэр ягъэшэрыуэкIэрэ макъ дэкIуащэхэр зэрригъэш гупхэри ягу къагъэкIыжащ. ЕгъэджакIуэм къыгъэсбэп щIэныгъэ бгъэдэлъхьэкIэм мыхьэнэшхэр щегъуэт дерсым. Джэгум хэтым хуэдэурэ темызашэу, зы Iэмалым адрейр кьыпыувэурэ Вэрыкъуэм зы дерсым кьригъэзэгъэфащ сабийр щыуагъэншэу адыгэбзэкIэ тхэфу езыгъасэ, и бзэм и къулеягъым хэзыгъахъуэ, и къуэхым зезыгъэужь лэжьыгъэ зыбжанэ. Бзэм теухуауэ зыхуигъэувыжа кьалэнхэр щигъэзащIэм, егъэджакIуэм щыгъупщакъым гъэсэныгъэ лъэныкъэри - «гуапагъэ», «цIыхугъэ» псалъэхэм я макъэхэмрэ хьэрфхэмрэ щызэпкърахьм, абыхэм я мыхьэнэр къаэзыригурыIуэм теухуа я гупсысэхэри кьаригъэIуэтащ.

Егъэджэныгъэ стандартыщIэм къызэригъэувым тету екIуэкIа дерсыр кьыщызэщIакIуэжьмэ еджакIуэ цIыкIухэм ар къаэзыщыхъуэар утыку кьрахьащ: щIэуэ къащIар, яфIэгъэщIэгъуэнар, кьайгугъуэкIыну зрихьэлIар. ЕгъэджакIуэм пщэрылъ яхуищIри, дерсым дэтхэнэри зэрыхэлажьыхьам пэкIуэ оценкэр зыхуагъэувыжащ.

Вэрыкъуэ Мадинэ КъБКъУ-р къызэриухыу мы еджапIэм лэжьэн щыщIидзащ икIи илъэс 20-м нэсауэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ иригъэдж. Мадинэрэ и гъэсэн цIыкIухэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэм гу лъыботэ: егъэджакIуэм бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ Iэзэгъымрэ сабийхэм гурыIуэгъуэу зэрабгъэдилъхьэм къыпIэкIуэу езы цIыкIуэхэми зэпIэзэрыту, пIейтеягъ хэмылъу, кьащIар бзэ шэрыуэкIэ кьалъэтэж.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуезыгъаджэ Щоджэн Риммэ и дерсыр зытеухуар КьардэнгъуцI Зырамыку и къекIуэкIыкIамрэ и лэжьыгъамрэт. Цыкъу щэджащэм и гъащIэ гъэгум, абы зэхуихьэсыжа Iуэрыlуатэм щыщ хъыбархэм, уэрэдыжьхэм зэрыщыгъуаз Iэкlуэлъакlуэу утыку кьрахьащ 6-нэ классым щеджэ цIыкIуэм. Иджыпей егъэджэныгъэм щытепщэ Iэмалыщ Iэкэр Риммэ и лэжьыгъэм хэпщауэ зэрыщытым гу лъытэрт. Абыхэм я фIыгъэкIэ дерсыр сабийхэм щIэщыгъуэ ящохьу, лэжьыгъэм темызашэу жыджэру кIэщ.

Анэдэлъхубзэм хуэфащэ пщIэ хуащIу щIэблэм яIурылIын папщIэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ ирагъэкIуэкI дерсхэмкIэ укъыззтеувыIэ зэрымыхъунур кьызыгурыIуэ егъэджакIуэхэм классщIыб лэжьыгъэри екIуу зэтраублэ. Абы и щыхьэтщ «Лъэпкъым и псэ» фIэщыгъэр иIэу Вэрыкъуэ Мадинэрэ Щоджэн Риммэрэ Адыгэбзэм и махуэм ирихьэлIэу гъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэр. Къэлуа дэтхэнэ зы псалъэри утыку кьрахьа теплъэгъуэри адыгэбзэм хуаIэ лъагъуныгъэмкIэ гъэнщIат, гумызагъагъэкIи псыхат. ЕджакIуэ цIыкIухэри зыльэмыIэса щымыIэжми ярейт, кьеплъхэм ягу нэсын папщIэ: псалъэм хэлъын хуей тегушхуэныгъэри, фIэщхъуныгъэри, гуащIэри, псэри. Зи адыгэбзэ гъэтIысакъэм, ар екIуэр ещхьу зыгъэбзэрабзэжъ зэм апхуэдизкIэ удахьэхырти, узэплри узэдаIуэри джэгуакIуэ нэсу кьыпфIэщIыт.

Шэджэм 2-нэ школым щезыгъаджэхэм я лэжьыгъэр еджэныгъэм кьрикIуапхъэм тещIыхьауэ зэрыгъэпсам, щIэныгъэу сабийм игуэтын хуей и кIуапIэхэр кьэлъыхьуэным зэрыхуэунэтIам гу лъыботэ. Абы кьакIыр ащи, адыгэбзэмрэ литературэмрэ егъэджыныр купщIэм, курыхьым нэсыным хуэгъэза мэхъу. ЩIэблэр гъэсэным, адыгэбзэм хуэлэжьэным хуаIэ гукъыдэжьмрэ я зэфIэкIымрэ мыкIуэщIу Щоджэн Риммэрэ Вэрыкъуэ Мадинэрэ куэдрэ я Iэнатlэм пэрытыну ди гуапэщ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

● Гъуэгущlэ

Хьэлъэзешэхэм я нэхъыбапIэр щхьэщишынущ

«Урысей автомобиль гъуэгухэр» федеральнэ кIэзонэ управленэм хьихь «Кавказ» гъуэгу хозяйствэм и IэщIагъэлIхэр мы зэманым йолэжь Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гъунапкъэм декIуэкI Р-217 гъуэгум и Iыхьэщ1эр ухуэным. ЗекIуапIэщIэм Псыхуабэ, Дзэлыкъуэкъуажэ, Тамбукъан хьижьейм кьапикIухьынущ. Иужьрейр, дызэрыщыгъуаззщи, щIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм ящыщ зыщ.

ГЪУЭГУЩIЭМ, зэрыщыту къатщтэмэ, километр 15-кIэ зиукъуэдиныущ. Абы и япэ Iыхьэм, 2018 гъэм зэлэжьынум, километри 7 нэблагъэ и кIыхьагъынущ. Лэжьыгъэ псори 2019 гъэм яухынущ.

1-Б лIэужьыгъуэм ипкъ иткIэ яухуэ автомобиль гъуэгум метр зэбгъузэнатIэу мин 263-рэ кьызэщIубыдэнущ. Машинэ зекIуапIэщIэм зэщхьэщыкIыпIэ-зэблэкIыпIэу 4 иIэнущ, цIэмыжиж хэтынущ. КъищынэмыщIауэ, щIыпIитIым деж иджырей зэхэкIыпIэшхуэхэм хуэдэу 2 щаухэунущ - зыр Прогресс къуажэм и гъунэгъуу, адрейр - Дзэлыкъуэкъуажэ-Зольская жьлэхэр зэпызыщIэ, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль зекIуапIэр гъуэгущIэм щызэпиупщIым хуэзэу. Зэхуэжэ машинэхэм я зэхуакум километр 11 си кIыхьагъ гъущI IущIапIэрэ километр 17-кIэ яукъуэдиину бетон гъэжарэ щагъэувынущ. Абыхэм хагъэпщIэнущ машинэхэм кьадэ нурыр, нэм зэран хуэмыхъун хуэдэу, зыгъэкIуэщI, зыгъэсей гъуджэ цIыкIухэр.

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын мурадкIэ километри 10-м уэздгъэхэр зысфIэдэза пкъохэр щагъэувынущ. Гъуэгум трагъэувэнущ зэрызекIуапхъэ хабзэхэр къызэрыщI нагъыщу 140-м нэблагъэ икIи шофёрхэм папщIэ къэувыIэпIэ-зыгъэпсэхупIэу 2 щаухэунущ.

Лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкI IэщIагъэлIхэм щIыналъэм и щIыуэпсым зэрыхуэсакъыпхъэр кьызэдалъытэри, мурад ящIащ гъуэгур щыпхащ щIыпIэм жыг-рэ къуацэу мини 2-м щIигъу щагъэтIысыну.

УхуакIуэхэм къызэрабжакIэ, зекIуапIэ нэхъыщхьэм къыпIэзыкIухь а Iыхьэм Iэмал кьытынущ япэрйм транспорт хьэлъэзешэхэр щыгъэмэщIэнымкIэ икIи машинэхэр нэхъ тыншу щызэблэкIынымкIэ, зэжьэхэуэныгъэхэри щигъэмэщIэнущ.

БОЖКОВ Александр,
«Кавказ» федеральнэ гъуэгу хозяйствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Лъэпкъ библиотекэм

Нэхъ кIыхь ирехъу!

КъБР-м и Лъэпкъ къэрал библиотекэм щекIуэкIащ Адыгэ тхыбзэм и махуэм теуха зэхьыхь. Абы ирагъэблэгъащ КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар хэхуэтэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бищlо Борис. ЗэIущIэр къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ библиотекэм и лъэхэхутэ къудамэм и лэжьакIуэ Безыр Ленэ.

IУЭХУЩIАПIЭМ и лъахэхутэ къудамэм щагъэуващ адыгэбзэм ехьэлIа тхыльхэр щызэхуэхьэса дапхъэ. Абы хагъэхьащ Бырсей Умар и «Адыгэбзэм и букварь» (2017 гъэ), Нэгумэ Щорэ и «Филологические труды» томитIым щызэхуэхьэсар (1956 гъэ; 1959 гъэ), Турчанинов Георгийрэ Цагъуэ Нурийрэ я «Грамматика кабардинского языка» (1940 гъэ), Яковлев Николай и «Грамматика литературного кабардино-черкесского языка» (1948 гъэ), Емуэ Анатолэ и «Лексико-семантический и грамматический анализ фразеологии кабардино-черкесского языка» (1986 гъэ) тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Безыр Ленэ зэхьыхьэм къырихьэлIахэм ягу кIуэгъэкIыжащ Адыгэ тхыбзэм и махуэр 2000 гъэм тыдэтхэпэм и 14-м къызэрихьэлIащ икIи абы къыщыщIэдзауэ адыгэхэм дуней псом зэрыщагъэльапIэр. ИлъэсищэкIэ узэIэбэкIыжмэ, «Гъуазэ» япэ адыгэ газетыр Истамбыл къыщыдэкIащ. «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэр, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэр нобэ адыгэбзэкIэ дунейм кьытохьэ.

Лъэпкъ тхыбзэм щIидзапIэ хуэхъуам, абы и зыужьныгъэм, кьикIуа гъуэгуанэм, адыгэбзэ диалектхэм, бзэм екъэлIа лэжьыгъэхэм, нэгъуэщI куэдми кьурихьэлIахэм яхутепсэлъыныгъэм Бищlо Борис.

- Адыгэ узэщIакIуэ Бырсей Умар 1853 гъэм Тифлис кьыщыдигъэкIащ хьэрпыт графикэм тет япэ адыгэ алыфбейр. Аращ Кавказ Ищхъэрэм и гимназиехэм, училищхэм, курыт еджапIэхэм адыгэбзэр щызыджа бгырысхэм япэу кьагъэсэбэпар. Революцэм и пэкIэ бгырысхэм Iэмал яIакъым лъэпкъ тхыбзэр яджыну, абы зрагъэужьыну. Совет властым и зэманым адыгэхэм нэхъ кууу щIэныгъэм зратащ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ тхылъхэр нэхъыбэу кьыдагъэкI хъуащ, - жиIащ БищIом.

Бзэм ехьэлIа Iуэху зэIумыбзэхэм я гугъу щищIым, БищIо Борис кьытеувыIащ дэтхэнэ адыгэмэ, зэкъуэувэу, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ ихъумэжыну, ар иригъэфIэкIуэну, и гъащIэр нэхъ кIыхь ищIыну кьызэрыпэщылъым.

Къызэхуэсахэм бзэм ехьэлIа упщIэхэр БищIо Борис иратащ. КьрихьэлIахэм кьыхагъэщащ адыгэхэм тхыбзэр лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьныгъэу, щIэныгъэм и хэлъхьэныгъэфIу зэрыщытыр.

ЗэIущIэм хэтащ библиотекэм и тхылъеджэхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ, абы ирагъэблагъэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Къалэ сымаджэщым и унафэщI Къалэбатэ Рустам

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Хъубий Мурат къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и лэжьакIуэхэм яригъэцIыхуащ а Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну ягъэува Къалэбатэ Рустам.

МИНИСТРЫМ кьыхигъэщхьэхуIащ иджыпсту сымаджэщым и мылъхьэникэ лъабжьэр ягъэбыдэну, технологие лъагэхэм я тещIыхьа медицинэ дэрилъхьэныгъэм зрагъэубгъуну, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрагъэхъуж иджырей Iэмалыщ1эхэр кьагъэсэбэпыну къаэзрыпэщытыр. А къалэнхэм ехьулIэн папщIэ сымаджэщым зыхуей псори иIэщ.

Къалэбатэ Рустам район сымаджэщхэм ящыщ зым и унафэщIу щытащ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и хирыгъэ нэхъыщхьэщ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 17,
щэбэт

♦Адыгэ Республикэм и парламентаризмэм и махуэщ

♦1770 гъэм Ингушетиер Урысей къэралыгъуэм хыхьащ.

♦1805 гъэм Дельпоццо Иван Къэбэрдейм пристав нэхъыщхьэу кьагъэкIуащ.

♦1861 гъэм Италием пащтыхьыгъуэ къэунэхуащ - абы и ипщэ, ищхъэрэ щIыналъэхэр зы къэралыгъуэу зэгурыкIащ.

♦1918 гъэм къызэIуахащ Тэрч щIыналъэм и лъэпкъхэм я II съездыр.

♦1922 гъэм Пушкин Александр и щIапIэу Михайловскэм щыIэмрэ абы кьедза щIыналъэхэмрэ Къэрал заповедникыу кьалъытащ.

♦1941 гъэм Вашингтон (США) къыщызэIуахащ Лъэпкъ художественнэ галерее. Иджыпсту ар дунейм щынэхъ къулей дыдэхэм ящыщу кьалъытэ.

♦1950 гъэм радиоактивнэ пкъыгъуэщIэ - Калифорний зыфIащар - зэхалъхьащ.

♦1960 гъэм Инджылызым и банкым кьыдигъэкIащ къэралым и пащтыхь гущхэм и суэтыр зытет, зы фунт стерлинг хъу ахъшэр.

♦1960 гъэм дунейм щыяпэу Японием и тыкуэнэхэм къыщIалъхьащ щхьэзкIэпIалъхьэу тхэ фломастерхэр.

♦1991 гъэм Совет Союзым щекIуэкIащ СССР къэралыгъуэр къызэтегъэнэным е ар зэбгрыгъэкIыжным теухуа референдум. СССР-м и тельхьэу къуват цIыкIубэм я процент 77-м щIигъур.

♦Урыс суэтыщI цIэрыIуэ **Врубель Михаил** къызэралъхьэ илъэс и 162-рэ ирокъу.

♦Совет журналист, тхакIуэ, Сталиным и цIэр зезыхьэ саугъэтым, Мамырыгъэм и дунейпсо саугъэтым я лауреат, 1967 - 1981 гъэхэм «Юность» журналым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Полевой** (и унэцIэ дыдэр **Камповщ) Борис** къызэралъхьэрэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубэ суэтыщI **Дыгъужь Мыхьмуд** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактёр, продюсер, сценарийхэр зытх **Рассел Курт** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей режиссёр, УФ-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Астрахан Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градуси 3 - 4 щыхьэнущ.

Гъатхэпэм и 18,
тхьэмахуэ

♦Къырымыр Урысейм къыщыхьэжа махуэщ. 2014 гъэм Iэ традзащ Кърым Республикэмрэ Севастополь къэралыгъэм Урысей Федерацэм кьызэгъэхьэжьыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦Жейм и дунейпсо махуэщ

♦Белоруссием и къэрал кIуэцI дзэхэм я махуэщ

♦1662 гъэм Париж дунейм щыяпэу лэжьэн щыщIидзащ жылагъуэ транспортым, «омнибус»-кIэ зэджэм. Ар цIыхуи 8 зэуэ зэрыхуэ, щхьэ зытелъ, къэуфыхьа шыгу зэщIэщат.

♦1871 гъэм Франджым Париж коммунэр къыщыщзэрагъэпэщащ.

♦1892 гъэм США-мрэ Канадэмрэ я хоккей командэ нэхъыфIхэм хуагъэфащэ саугъэтыр - Стэнли и Кубокыр - ягъэуващ.

♦1913 гъэм Налшык къыщызэIуахащ округым и лъэпкъхэм я I съездыр.

♦1931 гъэм США-м къыщыщIагъэкIыу щIадзащ электрокъарукIэ лажьэ жьакIэупсыр.

♦1965 гъэм СССР-м и летчик-космонавт Леонов Алексей «Восход-2» кхъухьым икIри, хьэрщ зэIухам япэ дыдэу хьихьащ.

♦1980 гъэм «Восход-2М» ракетэр Плесецк космодромым щауТIыпщым щыхуагъэхьэзырым къэуащ, абы мафIэсышхуи къишащ. А насыпншагъэм цIыкIу 48-рэ хэкIуэдащ, 40-м щIигъум фэбжьышхуэхэр хахауэ щытащ.

♦Урыс композитор цIэрыIуэ, дирижёр, жылагъуэ лэжьакIуэ **Римский-Корсаков Николай** къызэралъхьэрэ илъэси 174-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщхэр зыхуагъэфащэ **Хъупсырокъуэ Хъызыр** къызэралъхьэрэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Шэджыхьэщ1э Хьэмыщ1э** къызэралъхьэрэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, Олимп чемпион, дунейм плIэнейрэ и чемпион хъуа, Европэ чемпионатым щэнейрэ щытекIуа **Ягудин Алексей** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 8 - 11 щыхьэнущ.

Гъатхэпэм и 19,
блыщхьэ

♦Iуэхугъэхэр зыхуащIэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и псыщIагъырыкIуэ къхъухьэм къулыкъу щызыщIэхэм я махуэщ

♦Финляндием щагъэлъапIэ цIыхугъэр я хуитныгъэкIэ зэхуэгъэдэным и махуэр

♦1474 гъэм Iэмэпсымэщ1эхэр къэзыгупсысахэм, къэхутэныгъэщIэхэр наIуэ къэзыщIахэм яхуэгъэза хабзэщIэ Венециием къыщащтащ - авторым и хуитныгъэхэр хъумэным хуэунэтIауэ дунейм щыяпэ законыр.

♦1899 гъэм Урысейми Петербурги щыяпэу а къалэм къыщызэIуахащ «ДзIэпыкъуэгъу псынщIэ» станц.

♦1906 гъэм император Николай ЕтIуанэм унафэ кьыдигъэкIащ Балтие тенджызым и псыщIагъырыкIуэ къарухэр къызэрэпэщыным теухуауэ.

♦1922 гъэм Москва и Шаболовкэ щIыпIэм лэжьэн щыщIидзащ радионэтынхэр «зэбгрызых» чэщанэм.

♦1958 гъэм Страсбург (Франджы) къалэм Европарламентым и япэ зэIуущIэр къыщызэIуахащ.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ Iэзэ, «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр щэнейрэ япэу зыфIаща, авиацэм и маршал **Покрышкин Александр** къызэралъхьэрэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къашыргъэ Билал** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Дзыхьмыщ1 Зарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Уэрэджыгъакlуэ, актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Леонтьев Валерий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦УэрэджыгъакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ, «Русская песня» ансамблым и къызэрэпэщакIуэ икIи и унафэщI **Бабкинэ Надеждэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр цIэрыIуэ, а къэралым и саугъэт куэдым я лауреат **Уиллис Брюс** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, экономист, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Гайдар Егор** къызэралъхьэрэ илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист цIэрыIуэ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым кьыщыщэжанакIа, Олимп чемпион **Малышкэ Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 6 - 7 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бажэм и фэр и бийщ.

Унагъуэ сурэтхэр

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэмрэ «ТекIуэныгъэм и волонтёрхэр» Урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъеенныгъэмрэ яублэ «Унагъуэ сурэт» зыфIаща зэпеуэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и къалэн нэхъыщхьэр хэкупсэхэмрэ жэуаплныгъэшхуэр хэлъу зи лъэпкъымрэ хэкумрэ бгъэдэтхэмрэ гъэгушхэныщ. Гъатхэпэм и 18-м Урысейм и Президентыр щыхахыну щIыпIэхэм зэрыунагъуэу фекIуалIэ, зэгъусэу сурэт зытревгъэхи, Instagram-м ифIъхьэ, #семейноефотокбр, #семейноефото07 хэштегхэм дэщIыгъуу.

«Унагъуэ сурэт» зэхьэзэхуэм хэта дэтхэнэ зыри саугъэт цIыкIуэкI ягъэгуфIэнущ, лэжьыгъэ нэхъыфIу кьалытэхэр зейхэм тыгъэ лъапIэхэр хуащIынущ.

ТекIуахэр гъатхэпэм и 23-м @profsoyuzkbr. профилым щыдгъэлъэгъуэнущ. Сурэтхэр гъатхэпэм и 21 хьуху Интернетым ифIъхьэну зыщывмыгъэгъупщэ.

КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.

«КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием, «Налшык-жылагъуэ радиотелекомпанием, Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием и «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ **Кучинаев Ануар Юсуп и къуэр** зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Узэрыгушхуэ дерс екIухэр

Лъэпкъым и фIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэр - бзэр хъумэныр, зегъэужьныр, зи къалэн нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхугъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм ипкъ иткIэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ фестивальзэпеуэм Бахъсэн къалэ дэт, Пащты Сультан и цIэр зезыхьэ 1-нэ курыт еджапIэр хэтащ.

АБЫХЭМ яхуеблэгъат КъБР-м ЕгъэджэнымэкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхугъэмкl I и министерствэм Лъэпкъыбзэмкl I и къудамэм и унафэщI **Табыщ Мурат** зи пашэ къэпщытакIуэ гупыр.

Курыт еджапIэм и дыхьэпIэм хьэщIэхэм къащIыпежьат Бахъсэн къалэм и Iэтащхьэм жылагъуэ Iуэхугъуэхэр зегъэкIуэнымкIэ и къудзэ **Къардэн ФатIимэ**, Бахъсэн къалэм егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Борэн Маринэ**, Бахъсэн къалэм методикэ хэуIухуэщIэхэмкIэ и центрым и унафэщI **Хьэжы Лерэ**, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Фаг Мадинэ**, зэхьэзэхуэр щекIуэкI еджапIэм и унафэщI **Чылар ФатIимэ**, егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр.

Нартыжьхэм я жьэгу хуэдизу ягъэхьэзыра пщIантIэм нарт шууей щIалэхэр къащIепежьэри, хьэщIэхэр хъуэхъубжьэкIэ дашащ. Нэм къыфIэнэхэм ящыщт куэбжепэм щегъэжьауэ школ щIыхьэпIэм нэсыху лъагъуэм и бгъуитIымкIэ къыщыт егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми фащэ зэращIыгъ. Апхуэдэу пщIантIэм щIыпIагъуэт джанэгъэнэшэдж хужьыбзэхэр зыщыгъ нарт-вакIуэ щIыкIуэр, щIэныгъэр трасэу, ая бэгъуауэ къыззэрарахьэпIэжьнум щыгугъыу. АдэкIэ укIуатэмэ, кIуршхэр къызэрыщ сурэтыр зи щIыбагъым щыпIалъу нэхъыжьхэр къыщыт, хъуэхъур зэIэпахьу, кIрихьалIэхэм псалъэ дахэкIэ яхуэгуапэу, абыкIэ щытт уэрэджьыIакIуэ бжьыфIэхэри. Абыхэм нарт пшынальэм щыщ едзыгъуэ зыбжанэ хъщIэхэм жраIащ.

Адыгэпсэ Iуту дунейм цIыху тетыху адыгэбзэр зэрымыкIуэдыжынум, къыдэкIуэтей щIэблэр абы зэрытелэжьэнум шэч къытрамыхьажу къэпщытакIуэхэр курыт еджапIэм щIыхьащ.

ЕджапIэм и унафэщI Чылар ФатIимэ унэтIыныгъэ хуэщI щIыззэхуэхуэна гъэпIэгъуэныгъэр щекIуэкI пэщIыжкIэ хъщIэхэр иригъэблэгъащ.

Адыгэ фащэм и зэхэпыкIэмкIэ псалъэмакъыр ирашажьри, гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIахэм Iэмал яIащ еджапIэм и гъэсэнхэм я зэфIэкIыр здынэсыр зрагъэщIэну. Зы пIанэпэм дежь щIыхьэхьэсат пасэм адыгэм зэрахьэу щыта Iэмэпсымэхэу ильэсищэ ныбжь зиIэ Iэнэ лъакъуищыр, гуэгуэнхэр, тасхэр, чы матэхэр, нэгъуэщIхэри. Псом нэхърэ нэхъ яфIэтельджэхэм ящыщт «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым ятI дыдэу ирагъэдауэ щыта фащэр.

АдэкIэ хъэщIэхэр едэIуащ гущэм, гущэхэпхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр адыгэм зэрызэрахьэу щытам. ЕджакIуэ цIыкIуэхэм я Iэзагъыр наIуэ пщыщыщI блын сурэтхэм, Iэкlэ ящIа экъэм

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Насыпыр зылъысыр

Ухъуапсэу ущысыныр зыми и мыхьэнэкъым, а узыщІэхъуэпсыр зыІэрыбгъэхьэным иужь уимытмэ.

ЛИВРАГА Хорхе Анхель.

Насыпыр зылъысыр куэдрэ лажьэрщ.

ДА ВИНЧИ Леонардо.

Щіыхум и хэщІыныгъэ нэхъ ин дыдэр зэманыр пщІэншэу гъэкІуэдыныр щ.

ТЕОФРАСТ Тиртам.

Щіыхум нэхъ лъапІэ дунейм къытехьакъым. Ар псэ зыІут адрей псоми акъылкІэ къащхьэщокІ, и дуней тетыкІэкІи ар игъэпэжу щытын хуейщ - нэхъыщхьэращи, и къабзагъэкІэ, узыншагъэкІэ, губзыгъагъкІэ, псэукІэкІэ.

ПАВЛОВ Иван.

Щіыхур псэуху и гугъэр фІэкІуэд хъунукъым.

СЕНЕКЭ.

АкъылкІэ лажьэм и гъащІэр хьэлъэ хъунущ, и Іэпкъ-лъэпкъыр имыгъэлажьэу, къарукІэ зыгуэр имыщІэу щытмэ.

ТОЛСТОЙ Лев.

Илъэс меларди 4,54-рэ ирокъу Щіыр. «Дауэ къащІа ар?» - жыпІэмэ, Щіымрэ Маззмрэ къыщагъуэта, мывэ нэхъ жьы дыдэу къалъытэхэр яджа нэужь уэхкІуащ а бжыгъэм. Къыхэгъэщіпхъэщ, сыт хуэдиз къэпщытэныгъэ ирамыгъэкІуэкІами, щІэныгъэлІхэр 1956 гъэ лъандэрэ а бжыгъэм зэрытетыр.

АР ГУРЫІУЭГЪУЭЩ, ауэ щіыхум сыт къригъэкІыр ди лъэхъэнэм ипэкІэ (до нашей эры) е ди лъэхъэнэм (нашей эры) жиІэу, зэманыр къыщібжьым деж? Сытым къыхэкІыу щіыхум зэхигъэщъхьукІрэ къызэпича гъэзэгуанэр, сыт абы щхьэусыгъуэ хэхъуар?

Ялэ дищу къыхэдгъэщынщ лъэпкъ, къэралыгъуэ къэс ешьи и зэман къэбжыкІэ зэрилэжыр. Псалъэм папщІэ, урымхэм я зэманыр Рим къалэр къыщыунэхуам къыдабж - ар ди лъэхъэнэм ипэкІэ 753 гъэращ, нэгъэущІу жыпІэмэ, илъэс 2771-рэ (иджыпсту дызэрыт 2018 гъэм 753-рэ хыдолъхъэ) ипэкІэ. Мысырым нэгъэущІт зытращіыхьыр - зы лІакъуэм и пащтыхьыгъуэр и кІэм нэсу, нэгъэущІ лІакъуэм щыщ къытехьамэ, зэманыр щІэрыщІэу къыщІадзэжурэ кьабжьыр.

Ислъам диным зэманыр къызэрибжыр Мухьэмэд бегъымбарым епхащ - 622 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м Мухьэмэд бегъымбарым ялэ мусЛъымэнхэр щІыгъуу Мэчэм икІыу Мадинэм щыІэпхъуа махуэм. Абы утетмэ, иджыпсту 1439 гъэр иокІужкІ. Юлиан (григориан) махуэгъэпсымкІэ ди лъэхъэнэм пэщІэдзэ хуэхъуар Хьисэ (Иисус) бегъымбарыр къыщалъхуаращ - илъэс 2018-рэ ипэкІэ. Дунейм псор иджы зытетри аращ.

Илъэсыр нобэ зэрытцІыхум хуэдэу мазэ 12 хъууэ мазэр тхьэмахуиплІ, тхьэмахуэр махуиблу, махуэхэми я цІэ яІэжу зыгъэувар урым пащтыхь Цезарь Гай Юлийщ. Пащтыхьым къыхилъхьа махуэгъэпсым зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ игъуэтауэ, астрономие и лъэныкъуэкІэ пэжу къабжа илъэс гъэпсыкІэм 1582 гъэм Іэ тридзауэ щытащ Урым Папэ Григорий ЕпщыкІутІанэм. Аращ махуэгъэпсым юлиан/григориан щіыфащари.

ЦІыІэщ иджыри махуэгъэпс зыбжанэ: вавилон, вьетнам, журт, иран, майе, тибет, шумер, япон, нэгъуэщІ-хэр.

Ди лъэхъэнэм ипэкІэ илъэс дапщэм деж кьебжьыхьи щыщІидзар щіыхум жыпІэмэ, абыи жауап иІэщ. «Доисторическая эпоха» (ди лъэхъэнэм и пэр) фІащауэ тхыдэм хэтщ зэман пычыгъуэ - щіыхур щіыху сэфэтым иту дунейм къыщытехьа зэманым къыщыщІэдзауэ, тхэуэ, сурэт ищІу щиубла зэманым нэс къибжу. А зэманым къриубыдэу щіыхум зригъэсащ Іэщэ ищІу, щакІуэу, илъагъу псори сурэту мывэм, бгъуэнщІагъ блынхэм тридзэу. ЗэрытцІэщи, щіыхур дунейм и щіыналъэ псоми зэхуэдэу зы зэманым щыпсэуакъым, атІэ ящіыкъуэ щіыпІэхэм нэхъ гуваюэ Іэпхъуащ. Аращ къызыхэкІар щіыпІэ-щіыпІэкІэ къыщагъуэт Іэщэхэм, тхыгъэхэм, Іэмэпсымэхэм я ныбжьыр зыхуэмыдэныр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я зэманыр къызэрабжьхэмэ зэтемыхуэныр.

Дызытетхэлъхьэ лъэхъэнэм («доисторическая эпоха») зэманыр къызэрибжьыкІэ, ящ дыдэу дунейм щіыхуу - Іэдэм - къыщытехьар ди лъэхъэнэм ипэкІэ илъэс 5539-кІэ уэзІэбэкІыжжмащ. Юлиан махуэгъэпсымкІэ къыиубжмэ (2018+5539) - илъэс 7557-рэ ипэкІэ. АпхуэдизкІэ зоІэбэкІыж нобэрей щіыхур, зэманыр къыщібжькІэ.

Мы къэбжьыкІэм теухуауэ зэгурымыІуныгъэхэр щІэщ, ар мыпэжу къэзылъытэхэри куэдщ. А зэман жьыжьэм (ди лъэхъэнэм ипэкІэ илъэс мини 7 - 4-хэм) щыІар неолит жьыхуаІэ лъэхъэнэращ - щіыхуэр щакІуэу, щіым телажьэу, Іэщ зэрахуэу зыщІагъэса зэманыр. А зэманращ ялэ дыдэ хьэкъущыкъуэхэри, щэкІри, мывэм къыхэщІыкІа Іэщэхэри дунейм къыщытехьар. УкъеІэбыхмэ, ди лъэхъэнэм ипэкІэ илъэс мини 4 - 1-хэм щіыхум домбеякъым ирилажьэу зригъэсати, а лъэхъэнэм «домбеякъ лъэхъэнэкІэ» еджэ хъуащ. ИужьыІуэкІэ абы «ГъущІ лъэхъэнэр» къыкІэлъыкІуащ. Абы ирихьэлІэу Мысырым ялэ лІакъуэмрэ етІуанэмрэ ящіыщ фирхьэунхэм я щіыр зэхагъэхьэжри, къэралыгъуэ къагъэунэхуауэ зэрахьэрт, ди лъэхъэнэм ипэкІэ 2850 - 2450 гъэхэм шумерхэм я экономикэм и зыІэтыгъуэт, ди лъэхъэнэм ипэкІэ 2800 - 1100 гъэхэм пасэрей Алыджым и щэнхабэзм и щІэрэщІэгъуэт, ди лъэхъэнэм ипэкІэ 1190 гъэм зэгуэр пащтыхьыгъуэ абрагъуэу щыта Хьэт къэралыгъуэр щэщэжагъэхэт, Вавилоным и къару илъыгъуэу, ди лъэхъэнэм ипэкІэ 1126 - 1105 гъэхэм Наруходоносор и пащтыхьыгъуэр «уейуей» жриГыІэу зэрихьащ, ди лъэхъэнэм ипэкІэ 331 гъэм Кавказым къыщыунэхуащ ялэ дыдэ къэралыгъуэр, 327 гъэм Македонский Александр Индием езауэрт.

Зэрытлъагъущ, илъэс мини 7-м къриубыдэу щіыхум къыгурыІуащ псэуцэкъуэу дунейм тетым нэхърэ зэрынэхъыщхьэр, зэрынэхъ Іущыр. ЖыпІэнэракъэ, зиужьащ. ЯзыныкъуэхэмкІэ къащохьу щіыхум апхуэдизу зиужьыным зэманым нэхъыбэ текІуэдауэ, языныкъуэ щІэныгъэлІхэм къызэралытэмкІэ, илъэс мини 7-р куэд дыдэщ. Хэт ищІэрэ, къыдгурымыІуэ гуэрхэри хэлъынкІи хъунущ...

ФЫРЭ Анфисэ.

● Ар гъэщІэгъуэнщ

Щіыхур къызыдэбжэ къэхъукъащІэ инхэр

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ мамлюк сулътІан Щихъ МуІзед и мэжджытым и теплъэр. *Литографиер* **Косте Паскаль** *ейщ. 1818 гъэ*

Леонардо да Винчи

Захуагъэ

- Захуагъэ дунейм тетхъым!» - ужьэм и лъэбжьанэм телыджэлажьэу къыІэщІэкІа дзыгъуэр къэтхьэусыхащ.

- ПщІыр дапхуэдизрэ тшэчыну?! - къэгубжьауэ кІиящ ужьэр, ерагъыу джэдум къыІэщІэкІыу и жыг кугъуанэм ильэджар.

- Залымыгъэм псэупІэ къыдитыркъым! - къэпщІэуащ джэдур, мывэ сэрей лъагэм здыджэйм. И лъабжьэм деж банэу щыт хьэм кІэзызу къеплъырт ар.

- Зэ фызэтесабыр, ныбжьыгъухэ! - жиІащ жьынду Іущым, мэкъумэшыщІэ пщІантІэм дэт гъущІ хъарым здисым. - Фэ фи тхъэусыхафэхэм пэж гуэркэр хэльщ. Ауэ захуагъэ жьыхуаІэр фэ фщыщ языхэзым и закъуэу ейуэ пІэрэ?

Ар жьындум щыжиІэм, дзыгъэуэр и гъуэм кьиплъащ, ужьэм и жыг кугъуанэм и пэр къригъэжащ, джэдур нэхъ тыншу сарейм щетІысэхащ, хьэр и кІэбдз лъакъуэхэм тетІысхьэжащ.

- Захуагъэ, - кьыпищащ адэкІэ жьындум, - ар щыуэпсым и хабзэ нэхъыщхьэщ. А хабзэмкІэ дунейм тет псэущхьэу хьуам я кум губзыгъагъэ зыхэль зэгурыІуэныгъэ къыдохьуэ. А хабзэ Іущым тету мэпсэу хьэкІэжъуэжьэкІэхэр, къуалэбзухэр, бдзэжьейхэр, уеблэмэ хьэпщхупщхэмрэ гъдэбдзэхэмрэ. Феплтыт, мо бжьэ къэпщІыр зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу зэрыпсэур.

Жьындур, пэжу, захуэт. Зэ мыхъуми зэ бжьэматэм дэплъам ещІэ абы бжьэпщым и закъуэу, куэду зэхэт бжьэ унагъуэм щхьэж и кьалэн иубзыхуу, акъылрэ захуагъэрэ хэлъу унафэ зэрыщищІыр. Языныкъуэхэм я кьалэн нэхъыщхьэр - удз гъэгъахэм фо кьапыхьнырщ, языныкъуэхэр безхэм щолажьэ; языныкъуэхэм бжьэ матэр яхъумэ, тхъэщыхьэ хьэдзыгъуанэхэмрэ щыІыбжьэхэмрэ Іуахуу, нэгъэущІэми езы бжьэ матэм и кьабзагъэм кІэлъоплъ. Бжьэ яхэтщ бжьэпщым кІэлъпплъу - зы лъэбакъэкІи къыбгъэдкІ мыхъуу, зыхуей-зыхуэфІэкмкІэ и нэІэ тригъэту. Езы бжьэпщыр, жьы хъуа нэужь, бжьэ нэхъ лъэрызехьэхэм я плІэкІэ хуэсакъуэ зэрахьэ, нэхъ хэзыщІыкІхэри йоІэзэ, хущхъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирахьэлІэурэ. ИкІи зы бжьэ закъуэм и кьалэнхэр имыгъэзащІэу зыщІригъэхмэ е хуэфІэмыкІмэ, абы фІэкІыпІэншэу тезыр гущІэгъуншэ кьытохуэ.

ЦІыІуэпсым, щхьэж езым Іуэху щигъэзэщІэжу, псори губзыгъэу щыхэхуэхуэнащ, щьыбзыхужащ, икІи а Іущыгъэм гъащІэм и захуагъэ нэхъыщхьэр хэлъщ.

Зэзыдзэкіар **ХЬЭТУ Пётрщ.**

Франджы гъуазджэм и вагъуэ

● Сурэтыщі цІэрыІуэхэр

Тхыдэм хэтауэ къыщІэкІынкъым зи творчествэм апхуэдизрэ тепсэлъыхьа сурэтыщІ. Пикассо Пабло теухуауэ зэи зыри псэлъакъым щыІэныгъэ хэлъу: хэти абы и цІэр уэгум нэс еІэт, хэти хужимыІэ къигъанэркъым. Бзэ зэхуэмыдэхэмкІэ къыдэкІащ Пикассо теухуа тхылъ куэд. Абы тетхыхьащ Аполлинерэ Элюаррэ, Маяковскэмрэ Арагонрэ, нэгъуэщІхэри.

ДУНЕЙ псом тет къалэ зэмылІэужьыгъуэхэм - Парижрэ Прагэрэ, Токиорэ Римрэ, Нью-Йоркрэ Стокгольмрэ, Мехикэрэ Цюрихрэ, Сан-Паулурэ Амстердамрэ, Москварэ Берлинрэ - щекІуэкІа абы и гъэлъэгъуэныгъэхэр къэхъуькъащІэ тельыджэ гуэрым хуагъадэрт. Пабло и лэжьыгъэм дихьэхыр сурэтыщІхэм я закъуэтэкъым, атІэ абы и Іэдакъэщіэкіхэм щытепсэлъыхьыр уэрамхэм, клубхэм, шхапІэхэм, метрохэм.

Франджым щыІэ Гримальди Уардэуэнэр Пикассо и музей ящІащ. КъищынэмыщІауэ, къэрал псоми я къалащхьэхэм дэт музейхэм пщэ хэха щаІэщ сурэтыщІым и Іэдакъэщіэкіхэм.

Пикассо и творчествэр, абы и гъуазджэр куэдым къагурымыІуэу жаІэ. Ауэ щыхъукІи, абы и цІэр цІыху мелуан бжыгъэм ящІэ. Ныбжьыгъу куэд иІащ Пикассо, ауэ и жагъуэгъуэхэри нэхъ мащІэтэкъым.

Пикассо Пабло Испаниеи и Ипщэ зэныкъуэмкІэ щыІэ Малаг къалэм 1881 гъэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Руис Хуани сурэтыщІт, еблэмэ сурэт щыІымкІэ егъэджакІуэт. ЩІалэ цыкІур и адэм дэІэпыкъуурэ дихьэхащ гъащІэм Іэщіагъэ нэхъыщхьэ щыхуэхъуа Іуэхум. Хуан щыхуІэмыхьэхэм деж къыщІидза Іэжьыгъэр и кІэм иГэнэгъэсыну Пабло къыхуигъанэрт. ЩІалэм ар фІэхьэлэмэту нитхъысжьырт. ИужькІэ езы Пабло сурэт ищІу хуежьащ. Абы и Іэдакъэщіэкіхэм «Руис-Пикассо» жиІэу кІэщІитхэрт, иужькІэ и анэ Пикассо Марие и унэцІэр къищтащ.

Пабло и сабиигъэр щіыгъэкІуар Коруньерэ Барселонэрэщ, иужьрейм художествэмкІэ и школым щеджащ. ХудожествэмкІэ училищэ нэхъыщхьэ Мадрид къащіиухащ. Щеджэм щегъэжьауэ абы мурадышхуэхэр зыхуигъэувыжырт. Париж зыбжанэрэ кІуащ, живописым зэрызэригъэужыну Іэмалхэм егупсысу щІидзащ, художественнэ журнал къыдигъэкІыу хуежьащ.

1904 гъэм Париж Іэпхъуэну мурад ещІ, а къалэр Европэм и Іуазджэ хэщІапІэу къиІыытэрти. «Париж сыщыщхьэхуэу къысщыхъурт», - жиІэжырт абы. А лъэхъэнэм ар ныбжьэгъу хуэхъуащ тхакІуэ цІэрыІуэу щыта Аполлинер, Жакобо Макс, сурэтыщІ Брак Матисс сымэ, Франджым щыпсэунуи къэнащ.

Дуней псор кьыІэзрихьэху лэжьыгъэхэр XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм итхауэ аращ. Иджы ахэр - «Арлекин» е «Портрет поэта» - классикэм щыщ Іыхьэ хъуауэ къалъытэ.

Пикассо и гуэрыгъэр зэманым игъэунэхуну хунэсащ. Хэт иджыпсту Бёклин и Іэдакъэщіэкіхэм дахьэхыжьыр? Футурист Маринетти зыщіыхужьыр хэт? Дадаистхэм я усэ ещхьжьыр хэт сымэ? Ауэ щыхъукІи, 1909 - 1959 гъэхэм Пикассо и цІэр жамыІэу еІэуэкІакъым.

ЯзыныкъуэхэрэщІ щыІэ Малаг къалэм 1881 гъэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Руис Хуани сурэтыщІт, еблэмэ сурэт щыІымкІэ егъэджакІуэт. ЩІалэ цыкІур и адэм дэІэпыкъуурэ дихьэхащ гъащІэм Іэщіагъэ нэхъыщхьэ щыхуэхъуа Іуэхум. Хуан щыхуІэмыхьэхэм деж къыщІидза Іэжьыгъэр и кІэм иГэнэгъэсыну Пабло къыхуигъанэрт. ЩІалэм ар фІэхьэлэмэту нитхъысжьырт. ИужькІэ езы Пабло сурэт ищІу хуежьащ. Абы и Іэдакъэщіэкіхэм «Руис-Пикассо» жиІэу кІэщІитхэрт, иужькІэ и анэ Пикассо Марие и унэцІэр къищтащ.

Пабло и сабиигъэр щіыгъэкІуар Коруньерэ Барселонэрэщ, иужьрейм художествэмкІэ и школым щеджащ. ХудожествэмкІэ училищэ нэхъыщхьэ Мадрид къащіиухащ. Щеджэм щегъэжьауэ абы мурадышхуэхэр зыхуигъэувыжырт. Париж зыбжанэрэ кІуащ, живописым зэрызэригъэужыну Іэмалхэм егупсысу щІидзащ, художественнэ журнал къыдигъэкІыу хуежьащ.

1904 гъэм Париж Іэпхъуэну мурад ещІ, а къалэр Европэм и Іуазджэ хэщІапІэу къиІыытэрти. «Париж сыщыщхьэхуэу къысщыхъурт», - жиІэжырт абы. А лъэхъэнэм ар ныбжьэгъу хуэхъуащ тхакІуэ цІэрыІуэу щыта Аполлинер, Жакобо Макс, сурэтыщІ Брак Матисс сымэ, Франджым щыпсэунуи къэнащ.

Дуней псор кьыІэзрихьэху лэжьыгъэхэр XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм итхауэ аращ. Иджы ахэр - «Арлекин» е «Портрет поэта» - классикэм щыщ Іыхьэ хъуауэ къалъытэ.

Пикассо и гуэрыгъэр зэманым игъэунэхуну хунэсащ. Хэт иджыпсту Бёклин и Іэдакъэщіэкіхэм дахьэхыжьыр? Футурист Маринетти зыщіыхужьыр хэт? Дадаистхэм я усэ ещхьжьыр хэт сымэ? Ауэ щыхъукІи, 1909 - 1959 гъэхэм Пикассо и цІэр жамыІэу еІэуэкІакъым.

Дуней псор кьыІэзрихьэху лэжьыгъэхэр XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм итхауэ аращ. Иджы ахэр - «Арлекин» е «Портрет поэта» - классикэм щыщ Іыхьэ хъуауэ къалъытэ.

Пикассо и гуэрыгъэр зэманым игъэунэхуну хунэсащ. Хэт иджыпсту Бёклин и Іэдакъэщіэкіхэм дахьэхыжьыр? Футурист Маринетти зыщіыхужьыр хэт? Дадаистхэм я усэ ещхьжьыр хэт сымэ? Ауэ щыхъукІи, 1909 - 1959 гъэхэм Пикассо и цІэр жамыІэу еІэуэкІакъым.

Языныкъуэхэр ирихьэлІэурэ. ИкІи зы бжьэ закъуэм и кьалэнхэр имыгъэзащІэу зыщІригъэхмэ е хуэфІэмыкІмэ, абы фІэкІыпІэншэу тезыр гущІэгъуншэ кьытохуэ.

ЦІыІуэпсым, щхьэж езым Іуэху щигъэзэщІэжу, псори губзыгъэу щыхэхуэхуэнащ, щьыбзыхужащ, икІи а Іущыгъэм гъащІэм и захуагъэ нэхъыщхьэр хэлъщ.

Зэзыдзэкіар **ХЬЭТУ Пётрщ.**

Лэпс зэщІэт, мэлыл хэлъу

Мэлылыр зэпаупщІ е зэпауд Іыхьэ цІыкІуурэ, г 50 - 60 хъууэ, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр цІыкІу ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, тхъурымбэр къытрахыурэ, лыр ныкъуэвэфІ хъуху яГъавэ. Абы халъхьэ щимэ цІыкІуурэ упщІэтауэ пхъы укъэбза, бжьыныху-шыгъу, шыбжий сыр. Шыуаныщхьэр трапІэри, лыр яГъавэ дакъикъитху-хыкІэ. Абы халъхьэ шыбжий дэгу тхьэщІа, зэпэплимэ цІыкІуурэ упщІэтауэ. Шыуаныщхьэр трапІэжри, хьэзыр хъуху яГъавэ. ЗэрызэщІэту фалъэ куукІэ Іэнэм трагъэувэ. Пщтыру яшх. Пластэ, щІакхъуэ, чыржьи, хьэлІамэ дашх.

Халъхьэкэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

Мэлылу - грамм 600

Лыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 1200-рэ

Пхъы укъэбзауэ - грамм 60

Бжьыныхуу - грамм 30

Шыбжий дэгуу - грамм 60

Шыгъуу, шыбжий сыру - узыхуейм хуэдиз.

● Шхыныгъуэхэр

Дагъэ уэркІэ гъэжьа кІэртІоф

КІэртІоф укъэбзар тыкъыр цІыкІуу, г 10 - 12 хъууэ, мыІуе Іейуэ, ящіщІатэ, сэхуран дагъэр къагъэплъ, пщтырагъыр градуси 140 - 150-рэ хъуху. Абы кІэртІоф упщІэта гъэгъущар хакІутэр, чымчырымкІэ зэІащІэурэ тхъуэплъ хъуху яГъажьэ. КІэртІоф жьар чымчыркІэ кьрахьж, пІинэу тепщэч цІыкІум иракІутэ. ШатэкІэ щІауэ бжьыныху шыпс тракІэри, хуабэу яшх. Пластэ, щІакхъуэ, лэкъум дашх. Шхыныгъуэр витаминкІэ кьулейщ.

Халъхьэкэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

КІэртІоф укъэбзауэ - г 400

Сэхуран дагъэу - г 1000

Бжьыныху укъэбзауэ - г 10

Шатэу - г 100

Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

ЕкІуэкІыу: **1.** Жыг лъагэшхэ. **2.** Пасэрей зауэлым и гъуЦІ пІэ. **6.** Шху мыхъуу шэ гъэпщта упщІыІужа. **8.** Хахуэ, гушхуэ зыкІуэцІыльІ. Е Іэубыдыпіэншэ. **9.** Іуэху мыублэ ... хэсщ. **10.** УнафэщІышхуэм и Іэнатіэр ... хэхьпІэ ищІащ. **13.** ЦІыхупІэ, нэпкъ льагэ. **14.** Гъуэгум иІэ кумбльэмб зыгъэльэпэрапэкр. **17.** Дуней псом щыцІэрыІуэ дирижёр Темыркъан Юрэ, Къэбардей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Іутіыж Борис, дунейпсо, Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщІэзыхьа Къардэн Мурат сымэ я куэдж. **18.** ЩІалэр и лэжьагъум хуотхьэусыхэ: «ЕсщІар щІыкІэ, ди унафэщІыр .. Іейкі зэкІуэпплъ». **19.** Кхъухь абрагъуэхэр щызэкІуэ псышхуэ. **20.** Тепщэжр, кьулыкъущІэшхуэхэр нэхъапэм къыззрырашэкІыу щыта шыгу. **23.** Къэп цІыкІу. **24.** Адыгэ Іуэрыіуатэм къызэрэщІэзыжьымкІэ, Андемыркъан, щакІуэ щыІэу, пщы уэлийм ещащ мыпхуэдэу: «Бесльэней пІцапІэу ..., си шэм и кІуэкІэр уигу ирихьа?» **28.** Іэмыкіуэлъэмыкіуэ. **30.** Зэпымыіуэ уэс зытелъ бгышхуэ. **31.** Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм и щІыналъэхэм щджэх псы. **32.** Щыкъум яхьыхьэжа щІалэжь. **33.** Алыхь Іэмырыр текІ имыІэу зыгъэзащІэ цІыху. **34.** Гъатхэр къэсри, жыгхэм ... ираташ.

Къехьу: **1.** Шым и фІальитІымрэ и кІэбдз лъакъуэ лъэныкъуэмрэ иралъхьэ лъахъэ. **3.** Шатэм, кхъуей цІынэм, нартыху хьэжьыгъэм кьыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **4.** Цым, цым, цым, ... лъэбыщэжь. **5.** ... лъакъуэ щІэткъым. **7.** «Дахэнагъуэ», «Къамботрэ Лацэрэ» оперэхэр, цІэрыІуэ хьуа «Лэскэн хьыджэбз», «Бланэ щалъху мэкІуэж», «Маззгъуэ жщІ», «Уэрыншэу, школ» Іэщэджэм я макъамэр зи Іэдакъэ щхьщІэкІа композитор. **11.** Щхьэгъубжэ ... **12.** ...- Абхъаз зауэм я щхьэр халъхьащ адыгэ щІалэу **50-м** щІигъум. **13.** Гъатхэм пасэу ди щІыпІэм къэльэтэж къуалэбзу. **15.** Хадэхэкі. **16.** Зэхьэзэхуэм щытекІуэ предприятэхэм, колхоз-совхозхэм тыгъэ хуащІу щыта ныпышхуэ. **21.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ щыхур щыту малІэ. **22.** Бжэ къыІуэхам и ... макъ къэІуащ. **25.** Къъхьльатэзэхуэу щыта адыгэлІ, Совет Союзым и Лыхьэжь. **26.** Фадэ гуащІэ. **27.** Хадэхэкі. **29.** Адыгэ уэрэджьІакІуэ, уэрэдус Іэзэу щыта Тхьэбысым ... **31.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Гъатхэпэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **2.** Мэшыкъуэ. **5.** Къамбот. **9.** Бдзы. **10.** Вэгъу. **11.** Шхуэ. **12.** Шыбзыхъуэ. **14.** Ушхэ. **16.** Набгъ. **18.** Щэ. **19.** Мыкъуэжь. **21.** Уэ. **24.** Быгыр. **25.** Назир. **29.** Из. **31.** Махъшэ. **33.** Вы. **34.** Сэбэп. **36.** Куэбжэ. **37.** Шылэхар. **38.** Бакъ. **40.** Пхъы. **41.** Бжьэ. **43.** Нэбгъэф. **44.** Хьэлыуэ.

Къехьу: **1.** Гуэдз. **2.** МывэупІэ. **3.** Шыгъу. **4.** Къурашэ. **6.** Аслъэн. **7.** Баш. **8.** Тхьэгъэлэдж. **13.** Зеикъуэ. **15.** Хьв. **17.** Абдж. **19.** Мэрем. **20.** ЖьэнтІэ. **22.** Кіыгу. **23.** Жин. **26.** Лиссабон. **27.** Пхъашэ. **28.** Дыгъэмыхъуэ. **30.** Гущэ. **32.** Пшэ. **35.** Пшынэ. **36.** Курыбэ. **39.** Къэб. **40.** Пщы. **42.** Жьым.

Псалъэзэблэдз

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къэншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, Нэщіэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщі Иэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щіихабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэмкІэ, экологиемрэ спортымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеты щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэымкІэ Къбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущіапі3эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 2.139 ● Заказ №242